Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 19 (9930) 19 май 2023 с. / Рузман 29 Шаввал 1444 с. / багьа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru

*КIудияб Бергьенлъиялъе-78 сон!*

## ХIасилал гьарураб данделъиялда...



Газеталъул цересел номеразда нижеца хъван букIана, КIудияб Бергьенлъиялъе 78 сон тIубаялъул хIурматалда, районалъул гIуцIабазда тIоритIарал тадбиразул, данделъабазул, байрамалъул къо (9 май) кIодо гьабиялъул хIакъалъулъ. Гьел киналго тадбирал тIоритIиялъулъ гIахьаллъана, лъималазул ахаздаса байбихьун ва районалъе нухмалъулезде гIунтIун, киналниги гIуцIабазул хIалтIухъаби.

Гьел тадбирал гIуцIиялда нухда тIоритIиялъулъ хасаб бакI ккураллъун рукIана культураялъул Централъул, АХЦалъул, лъималазул искусствоялъул школалъул, Дилим росдал лицеялъулгун гимназиялъул мугIалимзаби, цIалдохъаби ва гIемерал цогидалги.

Байрам нухда тIобитIиялъул хIасилал гьаруна 16 маялда районалъул администрациялда тIобитIараб аппараталъул иргадулаб данделъиялда.

Районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель И.И. Шабазовасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана аппараталъул, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.

ХIасилал гьариялда хурхун, гьабураб кIалъаялда Ильяс Шабазовас абуна: *«Нилъеда лъала, байрам кIодо гьабиялда хурхун, нилъер районалда гIезегIанал акциялги тадбиралги тIоритIаралълъи. Гьезда гьоркьор рукIана «Бергьенлъиялъул байрахъ», «Георгиевасулаб лента», «Хвелгьечlеб автополк» акцияби, цIигьаруна Дилим, Гуни росабалъ ва Дубки посёлокалда тарихиял памятникал, рагъул ветераназулгун СВОялъул гIахьалчагIазул хъизабазе кумек гьабуна. Районалъе нухмалъулесул рахъалдасан, дица кIудияб баркала загьир гьабулеб буго байрам гIуцIиялда нухда тIобитIиялъе квербакъарал жавабиял гIадамазе, ОМВДялъул хIалтIухъабазе ва цогидазеги»*,-ян.

КIалъаялдаса хадуб, байрам кIодо гьабиялъулъ кIудияб бутIа лъурал ва тIадехун рехсарал гIуцIабазе нухмалъулел, районалъул бетIерасул рахъалдасан, гьенир кIодо гьаруна Баркалаялъул кагътаздалъунги тIугьдузул квацIабаздалъунги.

Унгоги, ахирияб соназ захIматалъул, кинал ва сунда хурхарал тадбирал тIоритIун рукIаниги, гьезулъ тIокIлъаби рихьизарурал яги хIаракатаб гIахьаллъи гьабурал районалъе нухмалъулезда, хасго районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасда, рихьичIого хутIуларо. Гьединазул цIарал рехсола батIи-батIиял данделъабазда, гьел кIодо гьарула грамотабаздалъун, гIарцулгун цогидал шапакъатаздалъун.

Нилъеда лъала, ахирияб соназ батIи-батIияб бакIазда рукIарал рагъулал тунка-хIусиялда гIахьаллъаразе хIукуматалъ гIезегIанал бигьалъаби гьарулел рукIин.

Гьел бигьалъабазул цоялълъун ккола, гьединазе мина баялъе кумек гьабун, бичачлеб ва бецIизе тIадаблъун гьечIеб гIарац, цересел соназги нилъер районалдаса гьединазе кумек гьабуна, гьабулеб буго гьеб гьанжеги.

Гьебго данделъиялда Дилим росулъа Афгъанистаналъул рагъул ветеранасеги рагъул тунка-хIусиязда гIахьаллъарав ГIаркьухъа чиясеги кьуна мина босиялъе (рецIизе кколарел) субсидиял риччарал сертификатал.

*«Мина»* программаялда рекъон, рехсаразе свидетельстваби кьеялъулъ гIахьаллъана районалъул социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул управлениялъул начальник Сулайман Динаевги.

Гьел кьеялда хурхун, И. Шабазовас абуна: *«Божи лъола гьел сертификатаз мина босиялъулъ цо бутIагIаги кквезе букIиналда»*,-ян.

ГIагараб заманалда жеги кIиго рагъул гIахьалчиясе гьединалго сертификатал кьезе руго.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

## Рагъулаб хъулухъалде нухда регIана

Дагъал церегIан соназ, батIи-батIиял гIиллабиги рачун, нилъер гIолилал рагъулаб хъулухъалде ахIулел рукIинчIо. Гьеб заманалдаги, Россиялъул цогидал регионазде унги, гIолохъаби рагъулаб хъулухъалде унел рукIана.

Хисана заман, гьанже нилъеда лъала ихдал ва хаслихъе улкаялда гIолилал рагъулаб хъулухъалде ахIиялъул кампанияби тIоритIулеллъиги нилъер гIолилал гьенире ахIулеллъиги.

Гьедин, 10 маялда районалъул культураялъул Централда тIобитIана ихдал армиялде ахIарал гIолохъаби нухда регIиялъул рохалилаб данделъи.

Гьенир гIахьаллъана *«Казбек район»* муниципалияб гIуцIиялъул администрациялъул бетIерасул жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалдасан заместитель Басир Нуцалов, Казбек ва Гумбет районазул рагъулав комиссар Арсен МухIамадов, рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Хункарби МухIамадхIабибов, районалъул харабазул Советалъул председатель Сайрудин НургIалиев, *«Чапар»* газеталъул бетIерав редактор Икрамудин Салимханов ва призывниказул гIага-гIунтIарал.



Армиялде унезде гьабураб нух битIиялъул кIалъаялда Басир Нуцаловас, районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевасул рахъалдасан, гьезие лъикIал малъа-хъваял гьаруна ва абуна: *«Жакъа нуж унел руго ВатIан цIунулезул мухъилъе лъугьине. Гьеб ясбер гIадин цIунана КIудияб ВатIанияб рагъул соназда, нужер умумуз, армиялда рукIаго, хIаракат бахъе рагъулал махщелал гъваридго лъазаризе.*

*КIочонге дагъистанияз кидаго бихьизабураблъи жидерго бихьинчилъи, яхI-намус рехунгутIи. Гьедин букIана КIудияб ВатIанияб рагъульги ва буго жакъа Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъги.*

*Гьай-гьай, ВатIан цIунулаго рагъулъ камиял ккечIого рукIунаро. Нилъ-бихьинал гьелде кидаго хIадур рукIине ккола»*,-ян.

Хадусан кIалъарал А. МухIамадовас, Х. МухIамадхIабибовас, С. НургIалиевас армиялде унезда абуна жидер мурад бугин, нуж киналго, ракIбацIцIад рагъулаб хъулухъги тIубазабун, сах-саламатго, рохалида рукъоре тIадруссин.

Данделъаразда цере концерталъул программагун цере рахъана Дилим росдал *«Маргьа»* лъималазул ахалъул гьитIичал ва Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав артист Руслан Имамирзаев.

***Ибрагьим Идрисов***

## ХIурматиял районцоял!

**Хъвай нилъерго гIагараб «Чапар»!**

***Унеб буго 2023 соналъул к1иабилеб бащдаб лъагIалие «Чапар» газета хъваялъул кампания.***

***Нужеца нижехъе рачIунел кагътал цIалулаго, нужер ишал нухде унел гьечIони, нижер ракIазулъе пашманлъи, рахIатхвей рещтIуна, гьез нужее лъикIал хIасилал кьолел ругони, ниж рохула.***

***Нужер лъикIал макъалаби, кучIдул ва цогидал материалал, нижеца цIунула архивалда гурелги, ракIазулъги, тIад-тIад руссунцин, цIалула гьенир рехсарал баянал ва хIужаби.***

***ХIаракат бахъула нужер бадичIваял ва гьарият хIисабалде росизе. Нуж гьечIони, нижер хIалтIи цебехунги унаро.***

***Кида газеталъул гьурмазде ралагьаниги, нужеда гьенир ратизе руго ракIал тIаде цIалел макъалабиги хIажатаб информацияги.***

***Гьединго, нужеда гьенир ратила лъималазе, гIолилазе ва ригь аразе малъа-хъваял, абиял, тарихиял баянал ва абудачал. «Чапар» хъвани, нуж лъугьина нижер гьитIинаб коллективалъул божарал гьудулзабилъун. Гьеб хъвазе бегьула почтаялъул росабалъ ругел отделениябазда.***

**Багьа 346 гьурущ.**

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гьум. 2 Районалъул газеталъе-90 сон!

гьум. 3 Инсан ва гIумру

гьум. 3 Минобороны РФ информирует...

*Районалъул газеталъе- 90 сон!*

# Юбилей кIодо гьабиялъул тадбиралда…

*«Чапар»* газеталда (12. 05. 2023 сон, 2-3 гьум.), *«90 соналъ халатбахъараб нухда…»* цIаралда гъоркь, нижеца, гIатIид гьабун, хъван букIана районалъул газеталъ 90 соналда жаниб нахъа тараб нухлул хIакъалъулъ.

Газеталъе 90 сон гьаб соналъул 15 апрелалда тIубаниги, нижер рес рекъон букIинчIо заманалда юбилеялъулаб тадбир тIобитIизе ва редколлегиялъул къотIи ккана дагьалъ гIодобе биччараб, ай, маялъул байрамал тIасан рахараб 16 маялда гьеб тIобитIизе.




Гьеб къоялъ, нилъер газеталъул цересел номеразул подшивкабаз, газеталда хурхараб игIланалъ къачIараб районалъул администрациялда тIобитIараб юбилеялъулаб тадбиралда гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель И.И. Шабазов, прокурор МахIач Халилов, депутатазул Собраниялъул председатель Гъирисхан Гъирисханов, РДялъул информациялъулгун печаталъул агентствоялъе нухмалъулесул заместитель Аслудин МухIамадов, гьединго консультант Мадина ГIалиева, *«Дагъистан»* издательствоялъулаб рукъалъе нухмалъулев ГIумаргIусман ХIажиев, *«ХIакъикъат»* газеталъул редактор Зульфия ХIажиева, гьелъул заместитель Зикрула Ильясов, мухбир Рукъигат ГIалисултанова, Хасавюрталъул данде гьабураб *«Гьудуллъи»* редакциялъул бетIерав редактор МухIамадрасул ШайихмухIамадов, гьесул хIалтIухъаби, Хунзахъ районалъул *«Росдал захIматчи»* газеталъул редактор Фатима МухIамадова, Болъихъ районалъул *«Гьудуллъи»* газеталъул жавабияй секретарь Персият МухIамадова, *«Гъуниб»* газеталъул редактор МухIамад Къебедов ва гьезул хIалтIухъаби, *«Гумбет»* газеталъул редактор ХIамзат ГIизудинов, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби, гIемерал соназ районалъул газеталъул штаталда гьечIел мухбирзабилъун ругел ва гьалбал.



Жиндирго кIалъаялда И. И. Шабазовас гьениб абуна: *«Гьаб тадбиралда гIахьаллъизе районалъул бетIерасе санагIалъи ккечIо, гьелъ, гьесулги диргоги рахъалдасан, дица «Чапар» газеталъул редакциялъул хIалтIухъабазда ракI-ракIалъ баркула 90-сонилаб юбилей, гьарула гьезие щулияб сахлъи, рохел, талихI, къалмил бегIерлъи ва гьарулел ишазулъ даимал церетIеял. Узухъда, газеталъеги гьарула даим битIараб нухда букIин.*

*Нилъеда лъала СМИялъул алатазул бугеб кIвар. КигIан захIматал сонал тIаде рачIаниги, районалъул газета къватIибе биччай гьоркьоб къотIичIо. КIвар цIикIкIараб началихъияб, республикаялъулаб, районалъулаб ва цогидабги информация гьелъ гIадамазухъе заманалда щвезабуна ва щвезабулеб буго.*

*Нилъ нугIзаллъун руго ахириял соназ, информациялъул алатал цIикIкIиналъул хIасилалда, гIадамазул газеталдехунисеб бербалагьи чучлъун букIиналъе. Рахьдал мацIалде, умумузул культураялде ва цогидалги нилъее гIадаталлъун ккolел рахъазде кIвар кьолеб гьечIони, хIинкъи буго тIубанго миллат тIагIиналда. Гьелде нилъго инеги рачIунел наслаби риччазеги бегьуларо. МагIарул мацI лъаялъе, битIун гьеб мацIалда хъвазе ругьунлъиялъе цохIого бугеб алатлъун районалъул газета ккола. Жидерго миллатги, мацIги, тарихги ва цогидал лъикIал рахъалги рокьулел гIадамаз, ракIчIун абизе кIола, ахIи жидеде бачIониги, газета хъвала. Божи лъола, районалъул гIадамаз гьелде кIвар кьеялда»,-ян.*

КIалъаялъул ахиралда И. Шабазовас, юбилеялъул хIурматалда ва районалъул бетIерасул рахъалдасан, редакциялъул коллективалъе ХIурматалъул грамота кьуна.

Гьесда хадусан кIалъай гьабурав Гъ.Гъирисхановасги, баркиялъул рагIабаздаса хадуб, депутатазул корпусалъул рахъалдасан, редакциялъул хIалтIухъабазе Баркиялъул кагъат кьуна.

Гьезда хадув кIалъарав *«Чапар»* газеталъул редактор Икрамудин Салимхановас данделъиялъул гIахьалчагIазе бицана районалъул газеталъул тарихалъул хIакъалъулъ.

Хасаб тIадчIей гьес гьабуна, СССРги биххун, хадусан ккарал хиса-басияздаги районалъул газеталъ гIадамазе ритIухълъи цIунун букIараблъиялда, халкъалдагьоркьосел бандформированиял Дагъистаналде лъугьараб заманалда гьезде дандечIеялъе гIадамал цолъизариялъулъ, терроризмалде, экстремизмалде, наркоманиялде дандекъеркьеялъулъ ва патриотикияб тарбия гIолеб гIелалъе кьеялъулъ гьелъ лъолеб бутIаялда.

Узухъда, гьенир кIалъазе рахъана гьеб тадбиралда гIахьаллъарал МахIачхъалаялдасагун районаздаса рачIарал ва тIадехун рехсарал гьалбалги. Гьединго, гьениб кIалъай гьабуна, хасгьабун гьоболлъухъ вачIарав, ССCРалъул заманалда КПССалъул райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун вукIарав ГIабдуразакъ ХIусейновасги. Гьел киназулго кIалъаял рехсезе рес гьечIолъиялде балагьун, гьанир рехсолел руго гьезул цогояллъун кколелин абизе бегьулел пикраби. Гьел хурхарал рукIана, церетIурал информациялъулал технологиял ругониги, гIадамазухъе информация щвезабиялъе, гIагараб ракьалъул тарих лъазабиялъе, гIолеб гIелалъе тарбия кьеялъе, миллаталъул мацI, культура ва цогидалги рахъал цIуниялъе газетазул бугеб кIваралда.



*«Чапар»* газеталъул 90 сон тIубаялъул юбилеялде бахъараб жиндирго кечI гьениб цIалана Ниязбег Къасуевас (Алмахъский). Абизе ккола цере рахъаразул кIалъаял гъваридаб магIнаялъул, заманалда рекъараллъун рукIанин.

Гьай-гьай, кIалъазе рахъарал гьалбаз газеталъул редакциялъе батIи-батIиял сайгъаталги кьуна.

Газеталъул юбилеялде нижеца лъазарун рукIана квераз ва фотоаппараталъ рахъарал суратазул конкурсалги. Гьабго данделъиялда гьезул ккарал хIасилазул бицен гьабизеги букIана, амма данделъи халалъизе букIин хIисабалдеги босун, гьеб нахъбахъана.




Гьелда хурхараб данделъи 18 маялда тIобитIана. Квераз суратал рахъиялъул конкурсалда гIахьаллъана лъайкьеялъул гIуцIабаздаса (1-4 ва 5-7 классазул) 25 цIалдохъан. Жюриялъ гьел киназулго хIалтIабазе лъикIаб къимат кьуна. Гьезул цониги цIалдохъан хутIичIо шапакъат щвечIев.

Конкурсалъул дипломанталлъун рахъана Мариям Уланбекова ва Хадижат ЛахIитова (Дилим), Сарат Баширова ва Марьям Бекмирзаева (Алмахъ), Алия Байтемирова ва Самира Дайдиева (Ленинаул), Амина Хаджиева (Калининаул), ГIабдухIамид ХIажиев (Буртунай), Аминат Эльдарханова (Гертма) ва Мавлидат Аминова (ИчкIа).

Гьезие батIи-батIиял даражабазул дипломалги гIарцул шапакъаталги кьуна. Фотоконкурсалда тIоцебесеб бакIалде вачIана Загьид ХIамидов, 2-аб. бакI щвана ДжабрагIил Эльбулатовасе, ва 3-аб. бакIалъе Джами СайгидбатIалов мустахIикълъана. Гьелги кIодо гьаруна дипломаздалъунги гIарцулал шапакъатаздалъунги.

Ахиралде щвезегIан, гьел конкурсазда тIад хIалтIана РДШИялъул мугIалим Назим ЛахIитов ва ИМЦялъул методист Хамав МухIамадов.

АбичIого гIоларо, юбилеялъул къо тIобитIун хадусанги, нижее гьарулел баркиял гьоркьор къотIичIин. Гьедин, 17 маялда нижехъе баркигун щвана ЗАГСалъе, архивалъе нухмалъулел ва МФЦялъул хIалтIухъаби.

РакIчIун абизе кIола, цересел юбилеязул соназде данденккун, гьаб соналъ районалъул газеталъул юбилей нухда тIобитIи гIемерго берцин ва гIуцIиялда анин.

*«Чапар»* газеталъул коллективалъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго рехсараб тадбир берцинго нухда тIобитIиялъе квербакъарал, тIоцебесеб иргаялда, районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасе, администрациялъул аппаратáлъул хIалтIухъабазе, гьалбазе ва гьелъулъ гIахьаллъарал тIолазего.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

*Инсан ва гIумру*

# Репрессиязул квачIикье кканиги...

Казбек районалъул гIадамазда, узухъда, лъала ЦIобокь росу цIакъго некIсиял росабазул цояблъун кколеблъиги цебе гьеб Казбекалъул росабазул цояблъун букIараблъиги.

1970 соналъул 14 маялда ккараб ракьбагъариялъул хIасилалда, ЦIобокь тIубанго биххана ва гьенив 28 чи гIумруялдаса ватIалъана. ХIукуматалъул хIукмуялда рекъон, Миякьо росдал гIадамалгун цадахъ, нижги гочинаруна Гьизилюрт районалде.Гьаб заманалда гьелда *«ЦIобокь - Миякьо»* -ян абула. Гьенире гочаниги, гьай-гьай, цIабкьазул бухьен тIечIо гIагараб районгун, гьелъие гIилла лъаларевги казбекалъулазда гьоркьов ватилин абиларо.

Ахириял соназда, дагь-дагькккун рукIаниги, цIабкьал гIагараб бакIалде гочунел руго ва цIилъараб росу, узухъда, Казбек районалъул мухъилъ букIине буго.

Салатавиялъул росабазул гIадамазго гIадин, цIабкьазги кIудияб бутIа лъуна нилъер тарихалда ккарал киналниги лъугьа - бахъиназулъ. Гьелги гIахьаллъана хIурригат бахъиялъулъ, социалистическияб пачалихъ гIуцIиялъулъ,гьеб тушбабаздаса цIуниялъулъ ва цебетIезабиялъулъ.

Тарихалъулъе раккаразда лъала, цогидал бакIазул гIадамаздаго гIадин, репрессиязул кьаби нилъер районалдеги щвараблъи ва гIезегIанал гIадамал рахъ-рахъазде ритIараблъи. Гьезул гIемерал тIадруссинчIо, лъаларо гьел кир рукъаралалиги.



ТIадруссаралги рукIана сакъаталлъун. Гьеб кинабго И. В. Сталиниде рехула, амма цIикIкIунисел репрессиязукье мацIихъабазул *«кумекалдалъун»* ккараблъи рехсоларо.

Кин букIун батаниги, репрессиялде ЦIобокьа гIадамалги ккана ва гьезда гьоркьор дир кIудиял умумулги рукIана.

ХIажияв Таймасхановги гьесул лъади Шамайги, ункъо лъимергун цадахъ (Варис,Салим, ХIамза ва Загьир), кулакалин цIарги кьун, ритIула (1935 сон) Казахстаналде. Гьезие ВатIаналъул гIумруялъулъ гIахьаллъизеги кинабниги ихтияр букIунаро. 1936 соналъ къабул гьабураб Конституциялъул хIасилалда, гьединазе цодагьал бигьалъаби гьаруниги, гьезул ихтияр букIунаро жалго ругел бакIал тезе.

Репрессиялде ккаразул лъималазегун гIолилазеги бигьалъаби гьаруна. Заманалъ ругел бакIал тезецин гьезие ихтиярги кьола, амма Советияб Армиялъул мухъилъе рачунароан, гьел хIалтIизе кколаан.

ТIадехун рехсарав дир инсул вац ХIамза 1941 соналъ Ленинградалъул пачалихъияб университеталъул советияб правоялъул факультеталде лъугьуна. Гьеб соналъ КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьараблъи нилъер лъималаздаги лъала. ХIамзал кагътаздасан гIагарлъиялда лъала Ленинградалда бугеб ахIвал-хIал. Гьевгун цIалулел рукIарал студентазул цо бутIа фронталде уна, цогидал фронталъе хIалтIулел рукIуна.

1942 соналъул марталда гьезул университет Саратов шагьаралде гочинабула. Риидалил каникулазда ХIамзаца, щиб гьабунги, живго фронталде витIизавула. ХIамза ккола командирзаби хIадур гьарулел хехал курсазде. Гьел лъугIун хадусан гьев Сталинградалъул фронталде ккола. Гьенив тушман щущахъ виххизавун хадуб, ХIамзаца хъулухъ гьабулеб дивизия рехула 1-аб.Украиналъул фронталде.

Тернополь шагьар эркен гьабиялъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ ХIамза *«БагIараб цIва»* орденалдалъун кIодо гьавула.

1944 соналъул июлалдаса байбихьун, ХIамза гIахьаллъула Львовалъулгун Сандомиралъул операциялъулъги. Будапешт шагьар эркен гьабиялъулъги. Гьенив ХIамза захIматго лъукъула ва 1944 соналъул 8 ноябралда гIумруялдаса ватIалъула.

Гьев вукъун вуго Венгриялъул Пешт областалъул Оча абулеб бакIалда. ХIамза мустахIикълъана ВатIаналъул орденалгун медалазе. Гъумруялдаса ватIалъараб заманалда, гьесул 22 сон гурони тIубан букIинчIо. Гьесда кIолаан, репрессиялъулъе ккаравин абун, фронталде инчIого чIезеги, амма ВатIаналде бугеб рокьиялъ гьев ахIана гьеб цIунизе, ва гьес гьелъие гIоло гIумруги кьуна.

1944 соналъул декабралда ХIамзал эмен ХIажиясухъе хабар щола вас гIумруялдаса ватIалъиялъул ва, военкоматалдеги ахIун, гьесухъе кьола вас мустахIикълъараб *«БагIараб ЦIва»* орденги *«БахIарчилъиялъухъ»* медальги. Гьелдаса хадув ХIажияв захIматго унтула, гьев басрияб ЦIобокь вукъунги вуго.

Рагъде ахIарал цIабкьазул 151 чиясул, 81-яв даималъ хутIана гьелъул байдабазда. Гьезие ЦIобокь, цогидал бакIаздаго гIадин, памятникги эхетун буго. Гьел нижер гIадамазда киданиги кIоченеги гьечIо. ВатIаналъе захIматаб гьаб заманалдаги ЦIобокьа гIолилаз ракIбацIцадаб хъулухъ гьабулеб буго рагъулал тунка-хIусиял ругел бакIазда.

ЦIарги рецIцги гьезие!

***Шамай ХIажиева (Таймасханова), Дагъистаналъул Верховнияб судалъул отставкаялда йигей судья***

*Великой Победе - 78 лет!*

# Не имеем права их забывать

Все мы очень хорошо знаем какую роль в нашей жизни играет праздник 9 мая. Его мы отмечаем со слезами на глазах и радостью в душе. Конечно, всем ясно почему слезы и откуда радость, об этом даже напоминать не нужно.

Прошло 78 лет с победного мая 1945 года. Подрастает уже четвёртое поколение людей, не знающих тяготы и ужасы военных лет. Пройдут ещё годы, сменится не одно поколение, но в сердцах наших сохранится память о подвиге наших отцов, дедов и прадедов.

Мы всегда будем помнить и чтить наших героев: Ханпашу Нурадилова, Абдулхакима Исмаилова, Ирбайхана Бейбулатова и многих других. Никогда не забудем и Мовлади Висаитова, который был в числе первых советских подразделений, встретивших американскую армию на реке Эльба и награждённого американским орденом *«Легион чести»*.

Не менее славными были ратные подвиги красноармейцев Юрт-Ауха(нынешный Калининаул), защищавших Москву и Ленинград, Сталинград, участвовавших в освобождении Родины и стран Европы от фашизма, и салютовавших в Берлине.

В начале войны, среди первых встретивших врага защитников Брестской крепости были Хуру Абубакиров, Махса Гантемиров и Темарсолта Яширов. Все трое пропали без вести.

Погибли и пропали без вести моряки Черноморско- Азово-Керченской флотилии Осман Атаев, Саидсалим Темирболатов, Вахмурад Эсенбулатов и Тарас Баксашвили.

В бою под Новочеркасском сложили свои головы братья Хаким и Дадал Гиримовы.

На Северо-Кавказском, Сталинградском и других фронтах погибли или пропали без вести Джабир Ахиев, Абдузапир Витаев, Паша Ахиев,Осман Кагерманов, Хункерпаша Шаипов, 5 братьев Хаджимурадовых, Алиши Хаджиев, Вахмурад Шавхалов, Расул Салахбеков, Заурбек Султанбеков, Магомедсаид Алдамов. Наш Абдулвахит Дудаев был связистом полковой связи, дошёл до Берлина и вернулся с множеством наград и поощрений.

Участвовали мои односельчане и в войне против милитаристской Японии. В ней отдали свои жизни Нуради Адамшиев, Висар Ботиев, Абдубашир Кугиев, Залимхан Темирболатов, Темар Устарханов, Умраил Халимегов, Могамед Хасаханов. С этой войны вернулись Зияутдин Адамшиев и Висмурад Шавхалов.

Особо хочется выделить имена Магомеда Цуцаева (агитатор политотдела 53 армии, майор), Абдулхалика Байсунгурова (преподаватель военного училища до 1943 года , доброволец, старший лейтенант), Саидсалима Темирболатова (лейтенант), Алигаджи Шавхалова (лейтенант), Мухтара Мингбатырова (млад. лейтенант), Тавсолтана Эльдарханова (сержант) и Амиша Хаджиева (рядовой).

К сожалению не все вернулись с поля брани, горечь потерь почувствовала каждая семья. Из 140 человек ушедших на войну юртауховцев, 80 человек ушли добровольно, более 90 человек сложили свои головы во имя будущего Родины. Все 140 человек занесены на мраморные плиты у памятника Неизвестному солдату в нашем районном центре Дылым. Мы будет делать всё, чтобы наше будущее поколение не забывало о тех страшных годах Великой Отечественной войны, нет, ни мы, ни они не имеют права это забывать!

***Гиримсултан Гиримов, с.Калининаул***

*КIудияб Бергьенлъиялъе -78 сон!*

# «РакIалдещвеялъул магIу» конкурс

Районцоязда лъалеб батила, гьелъул хIакъалъулъ гIемер бицунебги хъвалебги букIана, районалъул батIи-батIиял гIуцIабазда, хасго культураялъул, лъайгун тарбия кьеялъул учреждениябазда, КIудияб Бергьенлъиялъе 78 сон тIубаялъул байрамалде гIемерал тадбирал тIоритIараблъи.




Гьезул цояблъун букIанин абизе бегьула, тIадехун рехсараб цIаралда гьоркь, районалъул лъайкьелъул управлениялъ гIуцIараб конкурсги. ВатIан бокьиялде, КIудияб ВатIанияб рагъда советияб халкъалъ бихьизабураб бахIарчилъи лъазабиялде цIалдохъаби цIай, лъималазул бажаригун махщел тIатинаби мурадалда 4 маялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана 12 лъайкьеялъул гIуцIабаздаса цIалдохъаби (5-7 кл.).

АбичIого гIоларо, тIадехун рехсарал тадбиразда ( конкурсал, олимпиадаби ва цогидалги кьецал) гIахьаллъулезул къадарги гьез рихьизарулел хIасилалги соналдаса сонадле лъикIлъулел ругин, цого рахIат хвезабулеб хIужалъун гьениб ккола гьел кьецазда гIахьаллъулел васазул къадар цIакъго дагьаблъун букIин.

Лъималаз рахьарал суратазул хал гьабураб заманалда, бичIчIунеб букIана КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъаразул бахIарчилъиялъул, кьохIехьеялъул ва цогидалги лъикIал рахьазул хIакъикъат гьезда лъалеб букIин, гьездаса гьел чIухIаралъун рукIин, суратал рахъизеги жидерго пикру загьир гьабизе гьезул гIураб махщел букIинги.

Конкурсалъул хIасилал гьарун хадуб, баянлъана тIоцебесеб бакIалде Гуни росдал гимназиялъул 7 классалда цIалулей Муъминат Дадаева ячIараблъи, кIиабилеб бакI Дубки посёлокалъул гьоркьохъеб школалъул 6-аб. классалъул цIалдохъан Галимат Мирзаевалъ босараблъи ва лъабабилеб бакIалъе Калининаулалъул гьоркьохъеб школалъул 7-аб . классалда цIалулей Райяна Исубова мустахIикълъараблъи.

Бергьенлъи босарал гьенир кIодо гьаруна, лъайкьеялъул управлениялъул рахъалдасан, грамотабаздалъунги гIарцулал шапакъатаздалъунги.

***Хамав МухIамадов, ИМЦялъул методист***

# Минообороны РФ информирует...







# Камильгерей Юсупович Ибрагьимов



16 маялда гlумруялдаса ватlальана Камильгерей Юсупович Ибрагьимов.

Гьев гьавуна 1935 соналъ Дилим росулъ. Росдал гьоркьохъеб школалъул тlоцебесеб выпускалъул выпускникльун кколев вукlарав гьев, ДГПИялъул филологическияб факультетги лъугlизабун, гlагараб школалде 1956 соналъ тlадвуссана. Гьебго соналъ Камильгерей завучлъун тlамуна, 1959 соналъ-директорлъунги.

Доб заманалда гьев тlадегlанал хъулухъазде тlамулев вукlана, амма К. Юсупович жинца тlаса бищараб махщалие хилиплъичlо, гьелъ бихьизабула гьесул школалдеги, лъималаздеги, малъулеб предметалдеги букlараб рокьи. 31 соналъ нухмалъи гьабуна Камильгерейица гlагараб школалъе. Гьел сонazда жанир школалдаса къватlире лъугьана цlар рагlарал гlалимзаби, тохтурзаби, мугlалимзаби ва цогидалги махщелазул гlадамал.

Ракlбацlцlад, бажаризабун, махщалида Камильгерейица тlадкъараб ва тlаде босарал иш тlубазабулеб букlараблъиялъе нугlлъи гьабуна 31 соналъ гьес школалъе нухмалъи гьабиялъ, 51 соналъ лъималазе лъайгун тарбия кьеялъ, гьесие щварал *«РСФСРалъул лъайкьеялъул отличник», «РДялъул мустахlикъав мугlалим»* цlарaз, рикlкlен гlемерал цогидалги шапакъатаз ва гьесул рукlарал цlалдохъабазул ракlалдещвеязги гьабулеб букlараб адаб-хlурматалъги.1996 соналъ гьес хlежги борхана.

2007 соналдаса байбихьун, гьев хlалхьиялде ана.

Лъикlаб инсан, унго-унгояв магlарулав, тарбиячи, насихlатчи К.Ю. Ибрагьимов даималъ хутlила нижерги гьев лъалев вукlаразулги ракlазулъ.

***ХI. ХI. Мусаев, Гъ. М. Гьирисханов, И. И. Шабазов, Б. С. Нуцалов, З. Н. Эмеев, М-А. М. ХIамзатова, М-р. И. МухIамаев, А.М. Магьдиханов***

Районалъул администрациялъул, лъайкьелъул управлениялъул, культураялъул,*«Чапар»* газеталъул хlалтlухъабаз, гьудул-гьалмагъзабаз, гьваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Абубакар Ибрагьимовасда ва тlолалго гlага-божаразда, эмен

**Камильгерей**

гlумруялдаса ватlалъиялда бан.

Аллагьас гьев Алжаналъул агьлулъун гьавеги.

# Халгьабиялда хурхун...




Дагьал церегlан къояз районалъул экономикаялъулгун социалияб рахъ цебетlезабиялъул отделалъ, ОМВДялъулгун РДялъул пачалихъияб автомобилазул ва нухлул халкквеялъул хlалтlухъабигун цадахъ, хал гьабуна жамгlияб автотранспорталъул бетlергьабаз жидеда кколел законал кин тlуразарулел ругелали. Хал гьабиялда гьоркьор рукlана тахографазул ва ГЛОНАСС программа чlезабиялъул суалалги.

Ленинаулалъул *«Архъабаш»* участокалда бугеб ГИБДДялъул посталъухъ гьез 13 транспорталъул хал гьабуна, ва гьезул ичlгоялъул бетlергьабаз хъвадиялъул къагlидаби хвезарулел ратана. Гьезда тlад ккoлел хlалтlаби гьаруна.

Гьелдаго цадахъ, гьениб хал гьабуна транспорталъул налогалъул налъиялълуги. Гьениб тlатана 6 чиясда тlад 50 азарго гъурущалдаса цlикlкlараб налъи букlин. Гьезда лъазабуна къокъаб заманалда гьеб бецlизе кколеблъи.

Районалда тlоритlулел аппаратаалъул яги активалъул данделъабазда заман букlунареб батила гlадамаз кьезе кколел батlи-батlиял налогазул (буголъия- лъул, ракьул, транспорталъул ва гь.ц.) бицен гьабулареб. Заманалда гьел кьунгутlиялъ тlуразаризе тlаде росарал гlемерал суалал (нухал, кьоял къачlай, лъим бачин ва гь. ц.) нухдаго хутlизе бегьула. Цоги нилъеда лъала, судалъул хlукмуялдалъун, тlад батlи-батlиял гlакlаби къотlарал ругони, къватlисел пачалихъазде ине гьезие гьукъулеблъи . Гьединалги дагьалищ нилъеда гьоркьор ругел?

Жидеда тlад транспорталъул налогалъул кигlанаб къадар бугебали лъазе бокьарал гlадамал ине бегьула Хасавюрт шагьаралда бугеб РДялъул №17 районазда гьоркьосеб налогазул хъулухъалде яги хlажалъи ккаразда кlола электронияб сервисалдаса пайда босизе.

***МахIмуд ДавудхIажиев***

# На хьихьулезул рахъккун...



Араб сонaлдаса байбихьун, республикаялъул хlукуматалъ, росдал магlишаталъул министерство гьоркьобккун, на гlезабиялдагун гьеб хьихьиялда тlад ккарал харжазул цо бутlа бетlергьабазе бецlизе бихьизабун буго. Гьелда хурхун, дагьал церегlан къояз, тlолабго республикаялдаса найихъабиги гlахьал гьарун, Махlачхъалаялда тlобитlараб данделъиялда гьелъул биценги гьабуна.

Амма тlолалго найихъабазе гуреб кумек гьабизе бугеб, гьеб гьабизе буго гъоркьехун рехсарал тlалабал тlуразе:

1. Налоговияб инспекциялда на хьихьулес хъвай-хъвай гьабун букlине ккола.
2. Гьединаз щибаб санайил росдал магlишаталъул управлениялде хlалтlул хlисаб кьезе ккола.
3. Хьихьараб найил ветеринариябгун санитарияб паспорт букlине ккола.
4. Найихъанасул электронияб гъулбас букlине ккола.
5. На хьихьиялъе гьарурал киналниги харжазул документал рукlине ккола.

Гьезда гьоркьоре уна хlисабкьеялъул соналъ босарабщинаб къайи-цlа, хlажатал алатал, цlи босараб на (найил устар-матка) ва цогидаби. Гьеб кинабго къватlисса босараблъун букlинеги бегьула.

Тlадехун рехсараб кинабго тlубазабурал найихъабазе биччазе бихьизабун буго 50% ккараб харжалъул.

***ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов, УСХялъул бетIерав зоотехник***

**БетIерав редактор:** И.Б.Салимханов 55-48-94
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева ва З.ХI ХIасанова
**Фотокорреспондент:** М.-гI.ХI.ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1523, багьа-эркенаб

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**